

Dwa ak Responsablite yon Travayè ki Pran Chòk

Si ou pran chòk nan travay ou, ou gen dwa pou:

- ◆ Jwenn tretman avèk diyite ak respè;
- ◆ Patwon ou, konpayi asirans ou ak Komisyon an fè yon evalyasyon reklamasyon ou san patipri ak rapid;
- ◆ Jwenn swen medikal byen vit ak kòmsadwa;
- ◆ Avantaj pou ranplase salè ou kòrèkteman nan yon manyè apwopriye;
- ◆ Ale lajistis avèk dosye ou san ou pa viktim diskriminasyon;
- ◆ Jwenn konpansasyon posib pou chòk pèmanan ki lakòz ou pa gen mwayen pou touche salè oswa ou pa kapab itilize yon pati nan kò ou;
- ◆ Reprezantasyon legal, si ou chwazi pou gen sa; epi
- ◆ Asistans yon entèprèt, si li nesesè.



Si ou pran chòk nan travay ou, ou gen responsablite pou:

- ◆ Rapòte ba patwon ou nenpòt chòk oswa maladi ou pran nan travay la nan yon manyè ki serye, epi li pi bon pou fè sa alekri;



- ◆ Patisipe nan odyans ak randevou yo nan lè ki pwograme a;
- ◆ Eseye retounen nan travay imedyatman ou kapab, selon rapò doktè ou;
- ◆ Chèche travay ki nan mwayen fizik ou, menmsi li pa menm avèk travay ou t ap fè lè ou te pran chòk la (**rele 1-888-4-NYSDOL pou jwenn èd**); epi
- ◆ Bay repons pou korespondans apwopriye sou reklamasyon ou nan yon manyè ki apwopriye. Konsilte reprezantan legal ou si li nesesè.

Eta New York
Komisyon Konpansasyon Travayè
(877) 632-4996